

Non _____
 Dat _____

**NOUVO KESYONÈ SENP POU KONTWOLE UTILIZASYON ALKÒL OSWA DWÒG
 (MSSI-SA)
 (Ou kapab pran tè s-a pou kò-ou)**

Esplikasyon: Keksyon sa-yo gen rapò avèk itilizasyon alkòl oswa dwòg ansanm ak medikaman oswa dwòg ou kapab achte nan fanmasi avèk oubyen san preskripsyon. Pa gen lòt moun kap konnen kisa ou te reponn. Se pou ou make repons ki pi vre pou ou-yo. Reponn keksyon-yo dapwe esperyans ou fè nan si (6) mwa ki sot pase-yo.

Lè ou ranpli fòm sa-a, lap ede nou konnen kisa ou bezwen pou nou kapab ba-ou-l. Repons ou-yo pap anpeche ou resevwa ni sèvis, ni swen ni tretman ke ou kapab jwenn nan pwogram sa-a.

Nan si (6) mwa ki sot pase-yo...

| | Wi | Non |
|--|----|-----|
| 1a- Eske ou te bwè gwòg oubyen eske ou te pran dwòg? (tankou diven, byè, tafya, marijann, kokayin, ewoyin oswa lòt dwòg ki sòti nan opyat, dwòg ki fè ou eksite, dwòg ki fè ou vin dou, dwòg ki fè ou wè bagay ki pa reyèl, oswa dwòg ou kapab rale swa pa nen swa pa bouch) | | |
| 1b- Eske ou te pran medikaman oubyen dwòg ou kapab achte avèk oubyen san pweskripsyon? (tankou grenn ki ede ou domi, grenn pou doulè, grenn pou bese tansyon-ou, oswa medikaman tankou Valium, Xanax oswa Ativan pou ede-ou lè kè-ou sou biskèt). | | |
| 2- Eske ou santi ke ou bwè twòp oswa ou pran dwòg twòp? (Lòt dwòg tankou medikaman ou kapab achte nan fanmasi avèk oubyen san preskripsyon ou ta pran pi plis pase ou te dwe pran-l.) | | |
| 3- Eske ou eseye diminye oubyen eske ou eseye sispann bwè oswa pran lòt dwòg? | | |
| 4- Eske ou tal jwenn yon moun osinon yon òganizasyon pou ede-ou paske ou bwè oswa paske ou pran dwòg? (Tankou Alcoholics Anonymous, Narcotics Anonymous, Cocaine Anonymous, yon konseye, oswa yon pwogram pou tretman.) | | |

5. Eske ou janm gen pwoblèm avèk sante-ou? Tanpri make si ou:

- ___ te pèdi konesans oswa konn rete konsa epi ou pa kapab sonje yon bagay?
- ___ te frape tèt-ou yon lè ou te fin bwè oswa ou te fin pran dwòg?
- ___ te tonbe malkadi, oswa fè delirium tremens (DT) (yon maladi ki fè tout kò-ou souke)
- ___ te gen epatit oswa lòt pwoblèm nan fwa?
- ___ konn pa santi-ou byen, tranble, oswa santi ou tris pandan ou te sispann?
- ___ konn santi kòm si ou gen ti bèt kap mache anba po-ou lè ou sispann pran dwòg?
- ___ sèvi ak zegwi pou ou pran dwòg?

Tanpri kontinye ⇒

Non _____
Dat _____

HAITIAN CREOLE

NOUVO KESYONÈ SENP POU KONTWOLE ITILIZASYON ALKÒL OSWA DWÒG (paj 2)

| | Wi | Non |
|---|----|-----|
| 6. Eske ou konn gen pwoblèm ak fanmi-ou epi zanmi-ou paske ou bwè alkòl oswa paske ou pran dwòg? | | |
| 7. Eske ou konn gen pwoblèm lekòl-la oubyen nan travay-ou paske ou bwè alkòl oswa paske ou pran dwòg? | | |
| 8. Eske yo te arete-ou oubyen eske ou te janm gen pwoblèm ak leta? (tankou bay chèk san ou pa gen lajan-an labank, kondwi pandan ou sou, volè, oswa gen dwòg sou-ou.) | | |
| 9. Eske ou fè gwo kolè, eske ou fè gwo diskisyon, oubyen eske goumen ak moun pandan wap bwè oswa pandan wap pran dwòg? | | |
| 10. Eske ou santi ou bezwen bwè plis alkòl oswa pran plis dwòg pou ou kapab santi-ou jan ou ta renmen ye a? | | |
| 11. Eske ou pase anpil tan ap panse oubyen ap eseye jwenn alkòl oswa dwòg? | | |
| 12. Lè wap bwè oubyen lè wap pran dwòg, eske gen plis chans pou ou fè yon bagay ou pa tap janm fè antan nòmal, bagay tankou inyore lalwa, vann bon bagay ou posede, oswa fè sèks avèk moun san kapòt? | | |
| 13. Eske ou santi ou tris oubyen eske ou wont deske wap bwè oswa deske wap pran dwòg? | | |

Keksyon sa-yo gen rapò ak esperyans ou fè nan vi-ou.

| | Wi | Non |
|--|----|-----|
| 14. Eske ou te konn bwè oswa pran dwòg? | | |
| 15. Eske ou-menm oubyen moun ki nan fanmi-ou te konn bwè oswa pran dwòg? | | |
| 16. Eske ou santi ou ta bwè alkòl oswa pran dwòg kounye-a? | | |

Mèsi deske ou ranpli kesyonè sa-a.